Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 47 (7396)
6 Ноябрь 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Цолъиялъул Къогун!

ХIурматиял районцоял!

Районалъул администрациялъул, депутатаазул Собраниялъул, Общественнияб палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула нужеда халкъазда гьоркьосеб цолъиялъул Къо!

РФялда 4 ноябрь кIодо гьабула халкъазда гьоркьосеб цолъиялъул Къо хIисабалда. Гьеб къо ккола нилъер улкаялда кIвар цIикIкIарал праздниказдасан цояб. Нилъер тарихалда гьеб къоялъ ккола цо хасаб бакI, умумуздаса нилъ чIухIиялъе гIиллалъун кколеб ва нилъеда кIочене бегьуларо нилъ цоцалъ гъункарал, цогояб бахIарчияб тарихалъул халкъал рукIин.

Нилъер районалда гIумро гьабун руго гIемер батIи-батIияб миллатазул гIадамал, цогоял хъизанал гIадин руго цоцалъ росаби, хIурмат гьабула нилъерго умумазул тарихалъул ва гIадатазул, жидерго захIматалдалъун цебе бачунеб ва гъункизарулел руго магIишатал.

Дир ракI чIараб буго, хIажалъани, миллатазухъ балагьичIого нилъ киналго цогоял гIадин рахъинин нилъерго ВатIаналъул интересал цIунизе. Цоцалъ гъункиялъулъ буго нилъер къуват. Гьединаллъун ругони нилъеда кIола нилъерго регион церетIуразул кьеразулъ цIунизе ва щибаб хъизаналъул, щивав чиясул гIумро лъикIлъизабизе ва метерисеб къоялъухъ ракI чIун балагьизе.

Хириял ракьцоял! Гьаб праздникалъулаб къоялъ гьарула нужее сахлъи, талихI, цебетIей. Биччанте роцIараб зобалазда гьоркь гIун рачIине нужер лъимал ва лъималазул лъимал, биччанте щибаб къо нуж рохараблъун ва чIухIараблъун букIине!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## Шапакъатал кьуна



5 ноябралда райадминистрациялъул конференц-залалда букIана роха-хинлъиялъулаб дандельи. Гьеб бухьараб букIана халкъазда гьоркьосеб террористал щущахъ рихьизаруралдаса 20 сон тIубаялда. Дандельиялда гьеб лъугьа-бахьиналда гIахьаллъарал 60 чиясе кьуна юбилеялъулал медалал.

Тадбиралда гIахьалъана: районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. МухIамадов, районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, районалъул Собраниялъул депутатазул пред. М. Юсупов, рагъулав комиссар Ш. МухIамадов, учреждениялгун организациязул нухмалъулел, гьединго тIаде рачIаралги.

Тадбир рагьана ГIабдулмутIалим МухIамадовас. Баркиялъул кIалъаял гьаруна М. ХIамзатовас, М. Юсуповас, Ш. МухIамадовас ва цогидазги. Жидерго кIалъаязда гьез баркала загьир гьабуна дол саназул лъугьа-бахъиназда бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ ва къохIехьеялъухъ. КIалъазе рахъана гьединго шапакъатал щварал М. ГIалихIажиев, ХI. ХIажимухIамадов, ГI. Шахиев. КIалъаязда гьез бицана 90 абилел саназда рагъулаго цадахъ рукIарал жидерго гьалмагъзабазул, гьезул таваккалалъул ва киналго цолъун нилъерго ВатIан цIунараб куцалъул. Гьез кIудияб разилъи ва баркала загьир гьабуна РДялъул ва районалъул нухмалъулезе жалго ракIалде щваралъухъ.

## Бачунеб буго лъим



ТIолабго Дагъистаналдаго гIадин «Унсоколо район» МОялдаги унеб буго республикаялъул «Мой Дагестан – моя вода» приоритетнияб проект гIумроялде бахъинаби. Гьеб приоритетнияб проекталъул инвестиционнияб программаялда бихьизабухъе Унсоколо росулъ унеб буго росу лъедалъун хьезабиялъул хIалтIаби.

Дагьал цереГ1ан къоязда районалъул пресс-службаялъул хIалтIухьаби, бетIералда гьелъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаевгун, районалъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон щвана хIалтIаби унел ругеб бакIалде ва хал гьабуна гьезул иналъул.

Сапаралда гьелгун цадахъ рукIана «Гранд» бакIал ралезул компаниялъул нухмалъулев М-Н. НурмухIамадов ва Общественнияб палатаялъул муниципалитеталъул пред., общественнияб наблюдателазул пред. М. ГIабдулаев.

«Проекталъул рамкаялда жаниб гьабсагIаталда унеб буго ракьулъ трубаби лъеялъул хIалтIи, гьел лъезе руго 6,6 км. манзилалда. Жакъа къоялде хIисабалде босараб хIалтIул цIикIкIарасеб къадар гьабун рагIалде бахъун буго. Проекталда рекъон цин канал бухъилалде тIаса къотIизе ккола бетон. Гьелдаса хадуб гьаризе ккола цIа ккеялдаса цIуниялъул гидратал, лъел тIадецуялъе регуляторал, механизмаялдалъун хьезарурал кранал. Гьединго лъинал чIезаризе руго цере рукIарал иццазухъги, хIажалъани рукIине лъолел руго тIадеги иццал, гьединазул къадар бахуна I5 ялде»,-ян абуна МухIамаднур НурмухIамадовас.

ХIалтIи гьабун рагIалде бахъинабизе тIаде босун буго I2 чияс ва спецтехникаялъ.

Ракьулъ трубаби лъеялъул хIалтIи рагIалде бахъарабго цIидасан бетон тIун къачIазе ккола нухал. ХIалтIаби гьарун рахъине хIисабалде босун буго гьаб соналъул I декабралде.

«Киналго хIалтIаби гьарулел руго ракIбацIцIадго, качественияб къагIидаялда ва хIисабалде босараб проект кьезе буго бихьизабураб заманаялда»,-ян абуна жиндирго

## Мисал босизе мустахIикъав

6 ноябралъул хамиз къоялъ, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас рохалилаб ахIвал-хIалалда «20 лет разгрома международных бандформирований» юбилеялъулаб медаль кьуна районалда бищунго цIикIкIун санал рарав ополченец Эхо Камалудиновасе.

Шапакъат кьолелъур гIахьаллъана районалъул бетIерасул зам. ГI. МухIамадов ва М. ХIамзатов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, гьедиго финотделалъул нач. Ж. Шамсудинов. Гьебго шапакъат кьуна Къ. Къурбановасеги.

Дол халкъазда гьоркьосел законалъ гьукъарал бандитал Болъихъ районалде рачIарабго Эхо Камалудинов росдал бетIергун ана Болъихъе солдатазе продуктабиги росун. Штабалде щваравго Эхоца лъазабуна цогидал районцоялго гIадин живги хIадур вугин бандитазде данде вагъизе,-абун.

Гьабураб кумекалъухъ командованиялъул рахъалдасан гьесие щун букIана медаль ва баркалаялъул кагъат. Гьеб гуребги Эхо Камалудинович ккола Россиялъул лъай кьеялъул отличникги РДялъул мустахIикъав учительги. Гьесул учительлъиялъул стаж буго 70 сон, гьелдасан 20 соналъ гьев хIалтIана школалъул директорлъун. Эхо Камалудинов ккола районалда лъай кьеялъе кьучI лъурав чиги. Гьесдаса чIухIула ЦIатIанихъ росдал ва тIолабго районалъулго гIадамал.



**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 47 (7396)
Хамиз
6 ноябрь 2019 сон

2 гъумер

**Рокьиян кьерилал, кьалан гIолилал**
**ГIемерал ратула терелел дида;**
**ГIищкъу-гьавайилан гьал гIадамаца**
**Падлу биххун буго дуниялалъул.**

**Лълъел цIолеб къулгIадухъ къоролзабазул**
**Къапила букIуна, балайилан чIун;**

**ЧIараб бакI лъачIого, гьанже ясалги**
**Гьединан хьвадула хьитал хвезегIан.**

**Хварав чиясулгIан чанги гьечIого,**
**Чорхой рахIаталда хIебтIун вуго дун,**
**ХIасрат бергьаразул гьаглъиялдаса**
**Гьадин цIунагиян, цIакьго нахъе къан.**

<u>ХъахIабросулъа МахIмуд гьавуралдаса - 146, хваралдаса - 100 сон</u>

**МухIамад ХIасанов, МахIмудил фондалъул директор**

# МахIмудил гIумруялъул цере лъаларел рукIарал хIужаби




## Поэтасул хвалил хIакъалъулъ

МахIмуд чIваялъул гIайиб тIад гIунтIизабун ва I0 соница Каспийск шагьар баялда хIалтIизе къотIун жанив тIамурав Магьдил МухIамадица бицаралда рекъон: МахIмуд чIвай буго ракIалдаго гьечIого ккараб иш. Гьел рукIана лъикIал гьудулзаби ва гьалбал.

Игьаливе МахIмуд вачIун вукIин лъайдал (гьев вачIун вукIана унтарай гIагарай гIаданалъе цIибил босизе) гьес хIисаб гьабула гьоболасда гьоболасда гIадин данчIвай гьабизе. МухIамадида гьев ватула росдал дибирасда аскIов мажгиталъув. Гьеб букIуна маркIачIул как ахIиялда цебе заман. Гьаз какал рана, хадуб Магьдиласухъе рокъоре уна. Гьеб заманалда гьесухъе ЧIикIаса гьалбал рачIун рукIуна гIи гочинабиялда ругел. Гьесда цоясда цIар букIана Хасбулатил Даци. Гьалбал гьекъон рукIуна ва гьеб цадахъги бачIун букIуна.

МахIмудица гьалбадерилгун хъваш-баш гьабула, гьекъолеб жоялдаса инкар гьабула лъукъи хIалае ккун. Магьдилас гьев цогияб рокъове ахIула хабаркIалалъе. Амма Хасбулатил Дацица разилъи гьечIолъи лъазабула МахIмудидехун цIикIкIараб адаб гьабулеб бугилан. Чанго нухалъ ахIун абула: «хъахIабросулъев мискиинав гьардухъан вугин».

ЛъикIал гьоркьорлъабазде, адаб-хатиралде ругьунлъарав МахIмудие гьеб рекIее гIоларо, гьес нахъе ине гIамал гьабула. Рукъалъул бетIергьанасе баркала загьир гьабула, къо-лъикI гьабула ва гьалбадерие санагIатбахъи гьабизе бокьун гьечIин, жив росдал имамгун дандчIвазе кколин. АскIорехун рукIараз гьесда гьарула дугIа гьабе,-ян. МахIмудица инкар гьабула мехтаразе гьелъ кумек гьабуларин ва гьал махсародал рагIаби рикIкIуна:

**Мехтарав чиясе гIадлу гьабиги**
**ГIададлаб гьоялда тIил кьаби буго,**
**Гьекъарав чиясе хабар бицинги**
**Харил гьорда цебе цIа баки буго.**

Гьединаб жо рагIидал гьекъарав Даци МахIмудида тIаделъула, гьесие кьал багъарула. МахIмуд гIодове виччан чIун вукIуна, амма гьекъолдухъанас хIалхьи толаро, абула: «Мун бихьинчиги вихьуларо»,-ян.

МахIмуд кIалтIаса нахъ вуссуна, Дацида аскIове вачIуна ва жиндирго рогьо бараб бакIги Дацил гъумералда цебе рехун абула: «Лъазе бокьун бугищ бихьинчийищ дун гуревищали» ва чанго нухалъ хъат кьабула Дацил гьурмалъ.

Хадуб кинабго лъугьуна цIарал лахIзатазда. Магьдилав МахIмудихъе вортула, гьел кIияздаго гьоркьов чIезе. Дацица ахIдолаго таманча бахъула, ахIдезе лъугьуна гьединаб гIодовегIан гьави хIехьоларин ва МахIмуд чIвала.

Судалда Магьдилас абуралда рекъон «Дацил кодоса дица бахъана таманча, бахъана гьелда жаниса обойма, тIаса затвор цIана хIара чIобоголъизе, цIидасан кьвагьиялъе гьелъие заман хIажалъулаан»,-абун.

Хадуб жиндирго вацасда Магьдида ва гIагарлъиялда гьес абун буго МахIмуд Хасбулатил Дацица чIванин, рукъалъул бетIергьан хIисабалда жинца гIайиб жиндего босанин.

Магьдица гIумро гьабун вук1ана Шамильхъалаялда. Дихъе гьес хъван бачIана гьаб хадусеб: «ГIемераб жо жаниб хIехьон буго. Кинабго цадахъ кин бицинеб? ХIужа буго дир эменги МахIмудги цIакъ цоцазе гIагарал гьудулзаби рукIараблъиялъул. ЧIикIасезе МахIмуд чIвазе кьваригун вукIана ва гьез гьеб гьабизеги гьабуна, амма гьабуна дир инсул кверааздалъун. Гьел чIикIасез гIемерал саназ гIумро гьабуна, амма лъугьаралъул рахъалъ гьел руцIцIун чIана. Лъукъарав МахIмудил таманча гьез бикъана (гьеб ишалъул нугI гьабсагIатадаги Хасавюрталда гIумро гьабун вуго). МахIмудил эмен дир инсудаса тIаса лъугьана ва гьел хадуркку гьалбаллъун хутIана (80 саназда хвана инсул рахъалдаса дир яцал, гьесул тIалаб гьабурал). МахIмудил рахъалъ квешаб рагIи абизе киданиги лъиениги дир инсуца толароан. Дир эбелалъ бицана МахIмудил цIар бахъарабго инсул бадиса магIу чвахулаанин. Лъалез дида бицана инсуца абулаанин къадараб гIамалалъул чи МахIмуд вукIинчIин, гьев вукIанин унго-унгояв инсан, тIасияб рахъалъул аварав»,-абун.

МахIмуд лъукъун вукIана нахъасан ботIролъ жоги речIчIун. Жаниса къватIибе гула бачIинчIо лъукъун МахIмуд лъавудаса индал гьесул таманча ва рачел бикъун ун батана. Магьдилас гьеб бикъарал чIвалиланцин хIинкъаби кьолел рукIана гIагарлъиялъе. Дол гьалбал абуни гьеб сордоялъго ракъ тун тIагIана.

Лъукъарав МахIмуд восана ХъахIабросулъе. Рекъел гьабизе унезухъ гьесухъ инсуца битIана оцги. Амма ТIайгибил МухIамадица гьеб нахъ чIвана, МахIмуд чIаго хутIилин хьул букIана гьесул.

Лъукъун хадуса МахIмудица бана 9 къо. Гьойсубулиялъул сахал врачаз сах гьавулев вукIана гьев. Бекьилъа Муил гIагарав врач Давудцин вачIана гьесде. Гьев чанго нухалъ лъавуде вачIана, лъана тIаде щвезе рачIаралцин, амма кIалъазе кIвечIо. Щвезе вачIарав цоясул пашманаб гьумер бихьидал МахIмуд гьимун вуго, цояб михьги кьуризабун, бичIчIизабун буго гьудулзабазда ракI бакъван рукIунге,-ян. МахIмуд хвана I9I9 соналъул сентябралда.

Цо нухалъ Магьдилав жиндирго эменгун ва гIалимзабигун цадахъ ХъахIабросулъе рачIуна зигараялъ. Къуръаналдаги гьедун гьез абула чIвайхъвей букIанин ракIалда гьечIого ккараб, гьарана жал тушбабилъун гьаругеян.

ГIалимзабазул хIукмуялда рекъон рекъел гьабуралъухъ кьуна I2 бетIер гIиял, 2 хIайван ва тана хъвезе бачIун букIараб оц. Магьдиласда тIаса лъугьана, хъвараб жо хисизабизе кIоларелъул.

## Творчествалъе кьураб къимат

МахIмудил творчествалъе тIоцебе гIелмияб къимат кьуна Аргъваниса ГI-Л. Шамхаловас ва гьединго I923 соналда авар экспедициялъул нухмалъулел гIурус гIалимзаби Л. Иванович Жирковас. ТIоцебе МахIмудил творчествалъулгун лъай-хъвай гьабидал гьес хъвана: «Нилъ цере чIун руго кIудияб кIвараралъул литературияб махщалида, Европаялъул гIелмияб сверухълъиялда жеги лъалареб махщалида»,-абун.

МахIмудил творчествалъе тIадегIанаб къимат кьолеб буго Н. С. Тихоновас. Авар литератураялъул МахIмудил творчествалъул феномен гьес данде кколеб буго гIурус литератураялда А. С. Пушкинил феноменалда. Гьединго гьесде абулеб буго «Кавказалъул Блокилан»,-абун. Авар поэтазул тIубараб плеядаялъ кучIдул хъвазе байбихьана МахIмудил творчествалъул къагIидабиги лъазарун.

МахIмудил гьайбатаб литератураялъул хIакъалъулъ кIудияб пашманлъигун рагIи абуна ЦIадаса ХIамзатица, Р. ХIамзатовас, З. ХIажиевас, ГI-ХI. Шахтамановас, Я. Сулеймановас, ГIабасил МахIамадица.

КьучIал гIелмиял хIалтIаби гьесул творчествалъул ирсилазул хъвана филологал-гIалимзаби, профессорал: Ш. МикагIиловас, ХI. ХIамзатовас, Ч. СагIидовалъ, С. ХIайбулаевас, А. МуртазагIалиевас.

МахIмудил поэзиялъул цIакъго борхатаб образалъ кIудияб асар гьабуна Р. ХIамзатовасе. Жиндиргоги МахIмудилги поэзия данде кколаго гьес абуна: «МахIмуд хIакъикъаталдаги поэзиялъул тIогьив вуго, дица абуни мугIрул ахалъуда гьанжего гьанже гIицIго чIваби рекъезарулел руго,-ян.

МахIмудил кучIдузул цIарал руго географиялъулги астрономиялъулги цIараздалъун, гIараб литератураялъул героязул цIаразул, Къуръаназул аятазул, Библиялдаса гIадамазулги. Гьесда лъикIго лъалел руго чIахIиял классикал Физулил, Низамил, Фирдоусил творчествабы, асаразулъ буго тIадегIанаб ритIухълъи, загIипал цIунизе къасд, гьудуллъиялъе ритIухълъи, рокьуе тIуранго кьей. ГIадамазе рокьи бикьулев унго-унгояв инсан вукIана МахIмуд.

ГIемерисел поэтазул мухъал халкъалда гьоркьор лъугьун руго куркьбал ругеблъун. Гьес хъвана: «Гьадин захIмат ва сабру кьун рарал рокьул кIалтIаби рихун анин». Унго гIададайищха араб гIумро, рокьи бухIун лъугIана, боржун ана, йокьулей гьечIо, анищал тIурачIо.

Гуро, поэтасул буго ва хутIана къиматал жал, гьелъ лъугIизабулеб буго рекIелъе хIажат гьечIолъи. Гьеб буго гьесул поэзия, гьесул бихьулареб рокьи:

**Рокьуца гIорцIичIел гIолохъабиги**
**ГIемерал гIодила дир рагIабазухъ,**
**ГIедал рокьи ккарал гIолил ясалги**
**ГIодилел чIеларо дир хабар лъани.**
**Дунго хвананиги халкъалда лъалел**
**Къасидатал тана гIемерал рокьул,**
**Ракьулъ вукъаниги къаникь урхъараб**
**Къо гIемер бачIина гIищкъу ккаразде.**

МахIмудил лирика лъугьана нух бихьизабулеб цIвалъун, къвинабизе кIолареб рокьуе бальзамлъун. МахIмудил кIудияб гьунар букIана букIинесеб бихьизе, кутаклда лъалаан рагIул къимат ва гьелъухъ балагьун чиясе къимат кьезе.

# Махмуд из Кахабросо: **МАТЬ И ДОЧЬ**

Мать и дочь.— В этом стихотворении Махмуд наиболее определенно выразил свои взгляды на унизительное положение аварской женщины в дореволюционном ауле. Свою любимую поэт называет вымышленными именами— «Умагани», «Джейран-госпожа», а себя сравнивает с Кайисом — героем арабской легенды, прозванным за свою чистую и страстную любовь к девушке Лейли «Одержимым», «Меджнуном».

**ДОЧЬ:**

Печаль в моем сердце, гремит ее голос—
Раскаты и вспышки грозы и огня.
От грома и молнии грудь раскололась,
Могучий огонь пожирает меня.

Как туча, кипящая над океаном,
Кипит во мне страсть,— непомерно тяжка,
О матушка, черным сгустились туманом
В ущельях сердца тоски облака.

Отцу передай ты, что дочери трудно,
Как рыбка тону я в реке моих слез.
Скажи моим родичам: утлое судно
Разбилось, и ветер остатки унес.

Я бурной и жгучей исполнена страсти,
И путы ее ты должна развязать.
У страстной любви нахожусь я во власти,
Всю правду хочу я тебе рассказать.

Душа на замке, а замок не в порядке,—
Ты ключ подбери, если хочешь помочь.
Кругом наговоры, поклёпы, догадки,—
Не дай опозорить родимую дочь.

Слыву я луной на ночном небосводе,—
Не плачь, если скоро погаснет мой свет.
Прославлена я, словно солнце, в народе,—
Подай горемычной разумный совет.

В красивом наряде пройдусь, хорошея,—
Не скроюсь нигде от людской клеветы.
Накинешь платок на точеную шею,—
И то не закроются злобные рты.

Увидят мои ожерелья, запястья,—
Зашепчутся парни: откуда пришла?
На кольца посмотрят, готова пропасть я,
Зашепчутся девушки: где мол, взяла?

Я по воду выйду, на улицу гляну,—
Клевещут: по улицам любит гулять!...
Я гибну, горю, кто уймет мою рану?
А сердце на улицу рвется опять.
Найду ли защиту? Найду ли охрану?
Рекою любовь моя льется, о мать!

**МАТЬ:**

Индусская пуговица золотая!
Уму твоему да не смолкнет хвала!
Иль мало тебя в своем чреве несла я?
Иль мало советов тебе я дала?

Знамена войска на горе водружают,—
Всегда побеждает любви правота.
Ключи иссякают, ручьи высыхают,—
Возлюбленным разве страшна клевета?

Кончается день, если солнце заходит,—
И уличных сплетен развеется мгла.
В пучине корабль свою гибель находит,
Обнимешься крепче — исчезнет хула.

Чтоб стало светлее, окно остекли ты,—
На улице реже беседуй с дружком.
Найдет покупателей конь знаменитый;
Скажи только слово — и к дому бегом.

Завистники, видя походку девичью,
Вдогонку тебя называют плохой.
И стану, дивясь твоему, и обличью,
Сгорают от злобы, следя за тобой.

Для торга беда, коль толпа налетела.
Кто друг твой? Скажи мне, чтоб счастье познать.
В толкучке да в шуме не сделаешь дела,—
Исполнит желания дочери мать!

**ДОЧЬ:**

Стесняясь отца, перед родом робея,
От мира скрываю сердечный недуг.
Боюсь я людей., но открылась тебе я.
Но только не в силах я вытерпеть мук.

Один человек полюбил меня страстно,
Он сохнет от горя и слепнет от слез.
В могилу сырую сойти я согласна,
Но только расстаться бы с ним не пришлось.

У ястреба ныне ощипаны перья,
Нет силы в когтях, осыпается пух.
Не ест и не спит он, и знаю теперь я:
За мной он охотится, вычертив крут.

Он в небе парит, огнекрылая птица,
Меня он преследует и стережет,
И кровь его сердца на землю струится,
Когда он слетает с небесных высот.

Я, бедная, жду: он ко мне прикоснется,
Вонзит в меня когти, но гибель сладка.
Уходит он вместе с сиянием солнца
Сгорают от вздохов его облака.

Он свет мне дарует, отняв мои очи.
О мать моя, сколько он вынес невзгод!
Ко мне он приходит в безмолвии ночи,
Разливы реки переходит он вброд.

Как печь он пылает, пылая, несется,—
Мне страшно: сожжет его этот огонь!
Войдет в него пуля, но кровь не прольется:
Лишился он крови, мой огненный конь!

Из тела, иссохшего от ожиданья,
Взойдет лишь любовь, словно дым из печи.
Ты дочь родила, чтоб смутить мирозданье.
Увидев Меджнуна, умру я в печи.

А я для него как дневное сиянье.
Любимому что мне сказать? Научи!

**МАТЬ:**

Кто может поспорить с восходом чудесным?
О чем же горюешь ты, Умагани?
Кого еще месяцем кличут небесным?
Джейран-госпожа, ты печаль прогони.

О льве на балконе твоем я услышу,—
Людским наговорам поверит ли мать?
Придет к тебе ястреб в сядет на крышу,—
Не грех даже гурии честь потерять.

Звезду благовонную мир не забудет,
На небо взлети и Венерой слыви.
Тебя заклеймят, очернят и осудят,
Но ты, полюбив, на земле не живи.

Для косточек сахару я не жалела,—
Какой тебя сладостью милый привлек?
Я медом наполнила дочери тело,—
К тебе. что ли, с неба слетает пророк?

Слова я читаю из книги священной
На лике твоем, что любого пленит.
Достоин тебя лишь джигит несравненный:
Красив, как Иосиф, могуч, как Давид.

Когда загрязнится, смогу ли отмыть я
С жемчужным узором фаянс голубой?
Найду ль кузнецов я, смогу ль починить я,
Когда поломается стан золотой?

**ДОЧЬ:**

Иль ты на охоту сама не ходила?—
Зачем же охотиться мне не даешь?
Иль, матушка, ты никогда не любила?—
Зачем же стальной ты вручаешь мне нож?

Зачем же ты завтрашним днем попрекаешь
И мучаешь бедную Умагани?
Джейран-госпожу ты словами пугаешь,
Как злобные джинны столпились они!

Слова-леденцы раскусить я сумею,
Из люльки я выросла,— не обмануть!
Ты хочешь мне бусы навешать на шею,—
Давно не сосу материнскую грудь!

Цветок расцветает, потом опадает,
В траве нахожу я иссохший цветок.
Трава на поляне, созрев, увядает,—
Косить ее надо в положенный срок.

Полдневное солнце пылает, сверкая,
Но мраком затмится ночной небосвод.
Пятнадцатой ночи луна молодая
Красива, но скоро конец ей придет.

Арбу погрузят и поклажи прибавят. —
Авось,— рассуждают,— дотянет она.
Мешок, полный соли, железом придавят.
Мне больно? — Авось, не устанет она!

**МАТЬ:**

На улицу выйду, приветствуя друга,
О птица, поющая в светлом раю!
Голубка моя, прилетевшая с юга,
Ошиблась я,— мать не вини ты свою.

Взлетишь ты на небо, к владыке вселенной,—
Пусть в землю сойдет, кто тебя не возьмет?
Записана будешь ты в книге священной,—
Кому не по нраву, пусть в муках умрет!

Весь мир обуздай, пред любовью повергни,
Что горько, то выплюнь, что сладко — грызи.
Что любо — люби, что противно — отвергни,
Щелка, наслаждаясь, топчи ты в грязи.

Когда ты избранника любишь н ценишь,
В объятья его куропаткой лети.
Когда, после стопора, другу изменишь,
У нас и святые не будут в чести.

На нити свое разбери покрывало:
Ты сокола цепко привяжешь к столбу.
Хочу я, чтоб к лапкам его ты пристала,
Стань пухом на крыльях, скрепи с ним судьбу.

Расставь западню, чтобы сокол плененный
Из клетки не мог улететь золотой.
Ты счастлив, охотник, в боях закаленный?
Спроси его, нежной лаская рукой.

Вкруг ложа беги, хлопотливая пчелка;
Ты ранен, орленок? Твой жребий тяжел?
На пеструю шаль из ценнейшего шелка,
Скажи, чтобы твой соколенок пришел.

Скажи ты ему, чтобы стал он покорным,
Волшебную птицу свою укроти.
За боль, причиненную соколом горным,
Обняв его крепко, ему отомсти.

Ты вынесла тяжесть невзгоды проклятой,
Сквозь бурю и горе ты шла напролом.
Из бисерных буквиц газету печатай
И мило беседуй с любимым вдвоем.

Пускай до тех пор он тебя пожирает.
Пока не насытится жадная страсть.
Влюбленный в тебя, пусть народ умирает,
Но Кайиса не дай у себя ты украсть.

Что жизнь без любви? Кто не любит — сгорает.
Не стоит любви даже царская власть!

Конкурс

# Баркула цIалдохъабазда




Дагъал церегIан къоязда МахIачхъала шагьаралда тIобитIана мугIрузул районазул школазул цIалдохъабазда гьоркьоб нухазда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул мурадалда «Верни ЮИДовской стране».- абураб зоналияб конкурс. Гьенир гIахьаллъана нилъер районалъул Шамильхъала поселокалъул цIалдохъабазул агитбригадаги.

ТIадехун рехсараб конкурс тIобитIиялъе аслияб мурадлъун букIана цIалдохъаби нухазда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул отрядазде гъорлъе цIай, гьезда нухазда ва къватIазда хьвадиялъул культура бичIчIизаби, гьез жидерго лъай цогидазухъеги кьей.

«Верни ЮИДовской стране» конкурс унеб букIана лъабго батIияб номинациялда:

I. «Нухазда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул творческий конкурс»,

2. «ЮИДалъул агитбригадалъул бищунго лъикIаб форма»,

3. «20I8-20I9 цIалул соназда ЮИДалъул отрядалъул бищунго лъикIаб дневник».

Къецазул хIасилал гьарулаго «Верни ЮИДовской стране-20I9»,-абураб конкурсалда нилъер цIалдохъабаз ккуна кIиабилеб бакI. «Лучший дневник работы агитбригады отряда ЮИД за 20I8-20I9 учебный год» номинациялда абуни щвана хIурматияб I бакI.

Конкурсалде лъимал хIадурана лъай кьеялъул отделалъул специалист М. ГIабдурахIмановас, классалъул нухмалъулей П. ГIабдулхIалимовалъ ва педагог-организатор ГI. ИсмагIиловалъ.

Божизе захIматаб

# Сибиралъул гIаламат

2018 соналъул 20 июлалда Якутиялде гIунтIун букIана рагIаракьанде щвараб бецIлъи. II сагIатгун 30 минут бугеб заманалда Эвено-Бытантайскияб Улусалдаса ракIалдаго гьечIого тIубанго тIагIана бакъ…

БецIлъи цо хIалалъ хутIана I4 сагIат тIубазегIан. РакIалдаго гьечIого квачан ана. БачIинахъего горо-цIад базе бугилан ккараб хIал букIана. Зоб тIогьиллъун ана, базе лъугьана чорокаб цIад. БукIана гIемераб хIур, гьелъул кьер чIван букIана хIоразда, лъиназда тIад. Бакъ ккун бугеб заманаялъ къватIаздасан хьвадулел рукIана фонарикалги ракун. ЗахIматго букIана хIухьел цIазе. БецIлъи тIаса бихьидал лъана хIоразул чайкаби тIуранго хун лъугIун рукIин. Гьел хванин чIезабуна бакъ ккураб мехалъ бачIараб цIикIкIараб цIороялъул хIасилалда ккараб фибринознияб плевриталъ.



ГIажаибаб жо, щай хвараб помидоралъул ва охцералъул бачIин. Гьеб лъалеб гьечIо. Харбал руго гьеб иш 20I8 соналъул 20 июлалда гьабунин НЛОялъ,-абун.

«Сибиралъул гIаламаталъул» гIиллаби гIалимзабаз чIезабуна хадуб. Гьезул пикруялда рекьон киналъего гIилла кколеб буго ракьалдаса I50 метралъ тIадегIан лъураб накIкI, цIакъго хехго цIа ккараб рахьалдасан пулеб гьури. Гьелдалъун батизе бегьула чорокаб цIадалъул гIиллабиги. БитIахъе бицани метеостанциялда кинал рукIаниги аномализул бихьизабун гьечIо, амма гьеб бакIалдаса гIемерго рикIкIад ккун рукIун руго цIаял.

Цойги гIажаибаб иш ккана гьеб къоялъ. Оленс росулъа Якутиялде боржунеб Ан-24 пассажиразул самолеталъе балагь ккезе дагьалъ хутIана. Данде бачIана кIудияб накIкIул пача, гьелъулъ ругоан батIи-батIиял жалазул частицаби. Гьеб лъикIго тункана бортлада. ГIодор рештIиндал лъана тIолабго фюзелаж гIисинго борлъ-борлъун букIин.

Къойил бакьулъ бачIана чIегIераб сордо, гьеб буго хIакъикъаталдаги къанагIатаб лъугьа-бахьин. Ахирияб чанго нусго сонида жаниб гьеб такрарлъана щуго-анлъго нухалъ батIи-батIиял бакIазда. Тарихиял лъугьа-бахьиназда ратизе бегьула ракIалдаго гьечIого тIаде сардил бецIлъи гIунтIараб Тихий океаналда – I802 сон, Англиялда – I884 сон, Висконсиналда – I886 сон ва Мемфиссиялда. Г ьединлъидал кида гьединал ишал кколелали лъазе кIоларо.

# Инженериялгун геологическиял хал гьариял



Гьал къоязда «Служба ЖКХ» МКУялъул специалистал А. Исрапиловас ва ХI-М. ГIабдурахIмановас хал гьабуна инженериялгун геологическиял, проектниялгун изыскательниял хIалтIабазул. Хасго хал гьариялъул кIвар кьеялда гъоркь рукIана:

I. Шамильхъала поселокалда, 300 чиясе бакI бугеб, школалда цебесеб лъай кьеялъул, жибги ООО «Элитстройсервис» организациялъул жавабкьеялда бугеб ясли-ах базе бугеб бакI.

2. Шамильхъалаялъул 800 цIалдохъанасе бакI бугеб гьоркьохъеб школалъул. Гьебги буго ООО «Элитстройсервис» организациялъул жавабкьеялда.

Ракьул тIасияб гьаталъул хал гьабулеб буго хIалбихьи бугел специалистаз, гIахьал гьарун руго ракьул гьаталда ва план-графикалда данде кколеб техника.

Гьединал цIех-рехал гьаризе чара гьечIого тIадаб буго бакIал раялъул проекталда бугеб территория щаклъи бугеб бугелъул. Гьеб нилъеда бихьулеб буго гьабсагIаталда № 9 ясли-ахалъул ва ШамильхъалаялъулСОШалъул бугеб хIалалъухъ балагьун.

Абизе ккола геологичекиял цIе-рехаз рес кьолин ракI чIун, хал гьариял тIоритIарал бакIазда хIалтIаби гьаризе.

# Дагьабго гьими

Поликлиникаялде ячIуна херай ва данде чIварасда абула- хирияв, кив вугев гьанив глазник.

-Гьесда битIараб цIар буго акулист, коридоралъул ахада, кваранисa,-ян абула гьес.

- Бицани щиб, кив вугев зубникалиги.

- Гьесда абула стоматолог, гьале гьаб нуцIа буго гьесул.

-Мун щивха кколев?

-Дур хIисабалда кин абулелали лъаларо, дун ккола генеколог.

* * *

Васас инсуда 3I декабралда абула:

-Дада лъалищ бищунго кинаб поезд кватIулебали?

-Кинабха, дир вас?

-Доб араб соналъул 3I декабралда дуца босилин рагIи кьураб, дада,-ян абула васас

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
398940
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
51373

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 5. 10. 2019 г. 16:40
фактически -16:50 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.